



## **Kesyon yo poze souvan konsènan Pèmi Staten Island Ferry pou Film/Fotografi a**

1. Konbyen tan sa pran pou yo trete yon aplikasyon pou pèmi?
  - a. Pwosesis aplikasyon pou pèmi a ka pran twa a senk jou ouvrab.
2. Ki jan yo bay pèmi yo?
  - a. Yo bay yon kantite pèmi key o seleksyone chak jou sou baz *premye vini, premye sèvi*, men apwobasyon an pa garanti.
3. Èske w ka itilize kat kredi pou w peye frè pèmi pou fim/foto?
  - a. Non, kounye a nou aksepte sèlman transfè lajan oswa chèk sètifye ki peyab bay *NYC Department of Transportation* (Depatman Transpòtasyon Vil New York) ki livre an pèsòn oswa voye pa yon metòd ke w ka swiv.
4. Èske mwen ka rete sou bato a pou vwayaj retou a?
  - a. Non, Plan sekirite Staten Island Ferry ki mandate pa USCG mande pou w kite bato a lè w ap debake epi remonte ak lòt pasaje yo.
5. Ki kantite maksimòm moun mwen ka fè akonpanye m?
  - a. Pèmi fim/foto – pa plis pase douz (12) moun.
6. Èske ou bay pakin pou moun ki gen pèmi yo?
  - a. Non, nou pa bay pakin pou moun ki gen pèmi yo.
7. Poukisa mwen pa ka jwenn yon pèmi fim/foto pandan lasemèn nan maten oswa apremidi?
  - a. Staten Island Ferry bay sèvis transpò soti Staten Island pou Manhattan epi retounen bay sèvis pou rezidan touris, ak lòt vwayajè nan Staten Island. Yo pa bay pèmi pou filme/fotografi pandan lè lasemèn yo (6 am – 9:30 am ak 3:30 pm – 7 pm).
8. Èske mwen ka itilize tab oswa akseswa pou fim/fotografi?
  - a. Non, tab, estrikti, chevale, tripod, oswa nenpòt akseswa entèdi.
9. Èske ou ka estoke afè nou yo pandan n ap itilize pèmi nou an?
  - a. Non, nou pa bay depo pou moun ki gen pèmi yo.
10. Èske gen yon limit lè w ap mande yon pèmi?
  - a. Pèmi fim/foto – gen yon restriksyon lè lendi rive vandredi. Yo pa bay pèmi nan lè pwent yo (6 am – 9:30 am ak 3:30 pm – 7 pm).
  - b. Yo pa bay pèmi nan dat 11 septanm, Five Boro Bike Tour, NYC Marathon, oswa nenpòt angajman ke Vil/Ajans la patwone.
11. Èske nou ka filme/foto nenpòt kote nan tèminal ak ferryboats yo?
  - a. Ou ka mande pou filme oswa foto sèlman nan zòn piblik yo sou ferryboats ak nan tèminal yo.